



# SAKALA

Depatman: Lwès


Pax Christi-Haiti etabli yon baz fò nan Site Soley, bidonvil pi rekoni nan Potoprens, epi transfòmel nan yon sant edikasyon pou jèn ki rele SAKALA.



Kisa lòt kominote ka aprann de SAKALA?

\* Edikasyon pou lapè ak sitwayèn-te aktif pou jèn a risk

Wozo Ayiti: Rasin Chanjman



## Istwa òganizasyon an

Pax Christi se yon mouvman global katòlik ki fonde nan 1945, apre dezyèm gè mondyal, pou ankou-  
raje lapè ak rekonsilyasyon. Apre tan pase, vizyon an elaji deyo kontinan Ewòp la epi Pax Christi te  
komanse kreye ti gwoupman afilye nan plizyè kote. Gwoupman sa yo otonom epi lokal, men yo pataje  
misyon Pax Christi pou konstwi lapè (“peacebuilding”). An Ayiti, gen yon gwoup jèn gason ak fam  
Ayisyenn ki te deside fòme yon gwoupman Pax Christi nan 2002, epi pandan dezan yo gentan ko-  
manse ak travay “peacebuilding” pou ankouraje lapè avèk timoun nan Site Soley, kòm manm fondatè,  
Daniel Tillias, te leve nan zonn sa a.

## **Yon rezime de travay k ap fèt**

Pax Christi an Ayiti etabli yon baz fò nan zonn Michiko nan Site Soley. Espas la anvan te yon teren avèk faktori abandone men gwooup la te transfòme l nan yon sant edikasyon-lapè pou timoun ke yo rele SAKALA. Pi gwo vizyon yo te genyen pou konstriksyon lapè se avèk spò. Yo ofri foutbòl e lòt jwèt pou timoun e jèn ki sòti nan katye ki frajil yo kòm yon yon espas kote pou yo lage enèji yo nan yon fason pozitif, epi kòm yon zouti ki bay plis strikti nan vi yo, epi yon chans pou konnen timoun ki sòt nan lòt katye yo (sa prèske pa janm rive poutèt vyolans entè-kominal), pou manje bon kalite manje, epi pou bay yo leson sou kijan vin yon bon sitwayen Ayisyen chak jou.

Antrenè foutbòl ak manm SAKALA yo vin kòm konseye pou timoun yo, epi kèk nan jèn sa yo te tèlman enspire de enpak spò fè sou lavi yo, epi abilite yo vin genyen pou chwazi yon chemen pasifik ke y ap fòme klèb spò pa yo nan lari yo (gade istwa Metanoia sou [wozoayiti.org](http://wozoayiti.org)).

Men SAKALA pa t kanpe ak spò a: yo vin reyalize ke jèn nan Site Soley manke konprann anviwonman an epi yon eksperyans nan lanati. Donk, yo etabli yon jaden ibèn kote yo plante legim nan vye kawoutchou, po televizyon, pò plastik epi nenpòt sa yo ka jwenn pou montre enpòtans resiklaj. Yo te aplike yon pwogram kote jèn ki sòti nan plizyè katye te aprann pa sèlman kijan pou fè yon ti jaden, men kijan pou fè komès avè l tou. Yo fè patènarya ak yon òganizasyon ki rele SOIL pou enstale yon twalèt byologik, yo fè yon pepinye, epi tou yo lanse yon kanpay pou ankouraje itilizasyon yon pyebwa ki rele benzoliv.

Tou, SAKALA itilize kilti pou kreye lapè: yo ofri kou dans, atizay e plizyè lòt aktivite kiltirèl.





## Kisa lòt kominote ka aprann de inisyativ sa a?

Pax Christi devlope plizyè zouti pou facilite edikasyon-lapè ak aksyon sivik pou jèn nan youn nan pi difisil kote nan peyi a. Modèl yo pou itilize spò ak kilti pou ankouraje lapè, yon sans de responsabilite sivik, epi tolerans se yon bagay ki ka benefisyé anpil gwoup k ap travay nan domenn jènès la. Yo tou fè anpil eksperyans nan jadinaj ibèn, twalèt byologik, epi yo gen anpil konesans sou itilizasyon pyebwa benzoliv.

### Kontak:

Daniel Tilias. Tel: 3649-1493